

## POU ENFÒMASYON ANPLIS

Sekirite timoun chanje anpil depi epòk lè yo te timoun yo "pa janm pale ak moun ou pa konnen". Mesaj sa a pa koresponn ankò pou yon epòk timoun yo abitye kominike ak moun anliy yo rele "zanmi". Onivo estatisik yo, te gen yon bès nan sa yo dekri kòm kidnaping "estereyotipik" epi kantite yo ap bese depi plizyè ane. Sa pa vle di paran ak gadyenyo ta dwe sispann veyatif lè timoun yo deyò kay la. Sa sav le di, se ke gen risk pou timoun yo ki enplike moun ki gen aksè ak kontak avèk yo. Gen plis danje pou timoun nan men yon moun oumenm oswa yo konnen pa rapò ak yon etranje owaza yo pa rekonèt. Li lè pou depase mesaj sa a epi anseye timoun yo fason pou rekonèt epi evite sitiyasyon ki potansyèlman danjere ak riske. Timoun yo gen kapasite pou distenge ant moun ki "janti" ak moun ki "mechan". Men kapasite yo pou aprann sèten règ fondamantal, ilimite.

### PBSO CONNECT PWOTEJE KONTE PALM BEACH

[www.pbso.org/connect-protect-palm-beach-county](http://www.pbso.org/connect-protect-palm-beach-county). Telechaje app la pou konekte ak PBSO lè yon moun bezwen èd pandan yon katastwòf oubyen rapòte nenpòt aktivite ki sispèk.

### SIVEYANS PREDATÈ/AGRESÈ SEKSYÈL PBSO

[www.offenderwatch.com](http://www.offenderwatch.com). Enskri pou resevwa notifikasyon.

### PBSO CHILD IDENTIFICATION PROGRAM

[www.pbso.org/services/community-services/threat-assessment-unit/crime-prevention-programs/child-id/](http://www.pbso.org/services/community-services/threat-assessment-unit/crime-prevention-programs/child-id/). Kontakte 561-688-4853 pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Pwogram ID Sekirite gratis sa a pou timoun ki gen ant 18 mwa ak 14 lane.

### PBSO SOCIAL MEDIA



PalmBeachCountySheriff



@PBCountySheriff



PBCountySheriff



pbcountysheriff

Si ou pa kapab li dfeyè a, tanpri kontakte PBSO nan 561-688-3080 pou mande yon lòt fòma



Biwo Sheriff Konte Palm Beach  
Ric L. Bradshaw, Sheriff

# SEKIRITE TIMOUN





## ANSEYE PITIT OU YO

- Non yo okonplè, adrès, nimewo telefòn ak kijan epi kilè pou rele nan 911.
- Osijè pyej yon moun gendwa itilize pou attire yo epi kijan pou di NON epi sove. Li pi enpòtan pou sove pase pou janti.
- Pou pale avèk ou oswa avèk yon lòt adilt yo fè konfyans si gen yon moun ki fè yo santi tris, gen lakrentiv oswa malalèz.
- Kimoun yo ka kontakte si ou pa la epi si yo bezwen èd-lapolis ki gen rad inifòm sou yo, anplwaye magazen oswa manman ki gen timoun.
- Pou fè tout sa yo kapab pou sove chape nan men nenpòt moun k ap eseye pran yo, rele, voye kout pye, ranni oswa attire atansyon moun.
- Pou yo mande anvan pou yo ale okenn kote oswa anvan yo fè nenpòt bagay; règ sa a aplikab pou timoun ki pi gran yo tou.
- Pou rete ak yon gwoup oswa avèk yon zanmi lèyo deyò kay la.
- Pou yo pa janm apwoche ni monte nan yon veyikil ak yon moun ou pa t apwouve.
- Pou yo pa revele enfòmasyon pèsonèl bay moun yo pa konnen ni fè konfyans, alafwa nan lemonn reyèl ak sou Entènèt.
- Fè antrenman senaryo sekirite avèk yo pou wè kijan yo ta reyaji nan divès sitiayson.

## PREPARE KÒ W

- Kenbe yon foto resan pitit ou an nan selilè w lan.
- Konnen kont medya sosyo pitit ou an epi siveye aktivite yo anliy.
- Chèche konnen kimoun zanmi ak fanmi zanmi pitit ou yo, sa ki gen ladann non ak nimewo telefòn yo.
- Konprann medya sosyo epi patisipe nan aktivite lekòl ak andeyò lekòl pitit ou an.
- Sanble enfòmasyon konsènan nenpòt moun ki gen yon kontak oswa aksè ak pitit ou yo. Sèvi ak rejis agresè seksyèl yo ansanm ak lòt kapasite rechèch ou genyen, tankou Sistèm Lapolis Florida pou Jwenn Agresè ak Predatè Seksyèl yo (Florida Department of Law Enforcement Sexual Offender and Predator System), <https://offender.fdle.state.fl.us/>.
- Kenbe vwa komunikasyon yo louvri ak pitit ou yo; si yo pa santi yo kapab pale avèk ou, yo pral jwenn yon lòt moun.
- Si pitit ou aan revele yon moun te fè yo ditò oswa te mete yo malalèz, rete kalm epi bay konfò epi sipòte pitit ou an.
- Chèche jwenn sèvis ki awopriye yo pou ede pitit ou an.
- Si pitit ou an manke epi epi ou te eseye déjà lokalize yo grasa zanmi ak kote ou konnen yo renmen ale, kontakte lapolis epi fè rapò pou di yo manke. Pa gen OKENN peryòd atant.

## AJI RAPID

- Bay nenpòt enfòmasyon ou genyen konsènan zanmi, medya sosyo ak nenpòt moun/nenpòt kisa ki gendwa ede lokalize pitit ou an.
- Bay lapolis tout detay nèt osijè relasyon nan fanmi a oswa pwoblèm ki te gendwa rive. Si ou pa di enfòmasyon, sa gendwa anpeche ou jwenn pitit ou an.
- Otorize aksè a nan nenpòt teknoloji tankou konpitè, selilè, tablèt ak sistèm je elektwonik ki gen dwa gen enfòmasyon konsènan kontak ak aktivite pitit ou an.
- Pase a laksyon-ale tout kote ou konnen pitit ou frekante tankou chòping senntè, pak, etablisman atletism, klèb, elatriye.
- Kowòdone ak lapolis pou distribye feyè timoun ki manke yo kot eki make yon mesaj ki di ou vle pitit ou tounen lakay li.
- Rete an kontak ak lapolis epi bay nenpòt nouvo enfòmasyon konsènan pitit ou an.
- Si pitit ou an tounen pou kont li, enfòme lapolis.

